képp ku woor weeru koor ngir gëm ak yaakaar yiw; dees na ko jéggal li jiitu ci ay bàkkaaram

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónent Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «képp ku woor weeru koor ngir gëm ak yaakaar yiw; dees na ko jéggal li jiitu ci ay bàkkaaram»

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa xibaare ne képp ku woor weeru koor ngir gëm Yàlla, ak dëggal ne woor farata la, ak li Yàlla mu kawe mi dig way-woor yi ci fay ak yool yu rëy, mu jublu ca jëmmi Yàlla ci lu dul ngistal walla ndéggtal, dees na ko jéggal bàkkaaram yi weesu.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4196